



Direksyon Fon Lafwa Frè yo Annaksyon

Mission & Ministry Board – Church of the Brethren

Bi: Fon sa a soti nan lajan yo te vann kanpis sant sèvis frè yo ki nan New Windsor. Fon lafwa annaksyon an bay èd ak projè sosyal ki ede kominote yo, bay fòs ak kongregasyon an, pou grandi rèy Bondye. Ministè sa yo ap onore epi kontinye legasi sant pou sèvis la te konn fè pandan lap adrese syèk sa a nan viv la.

Kimoun ki kapab aplike: Nenpòt kongregasyon nan Etazini, estasyon avèk projè. (Ki kapab refere pou kongregasyon).

Kantite: Jiska \$5,000 chak kongregasyon oubyen estasyon ak projè chak ane, maximum \$15,000 pandan plizyè ane.

Matche lajan: Nap mande kongregasyon yo pou yo mache omwen mwatye nan pròp lajan pa yo.

Jesyon lajan: Lajan an dwe jere nan yon fason pou respekte ak prezève prensip yo. Kòman projè yo ap progrese pou nou kapab detèmine konbyen lajan nou ka bay chak ane.

Pwosedè aplikasyon: Se komite kap jere fon an kap detèmine konbyen kòb yap bay chak mwa. Pou ou ka mande lajan nou bezwen yon aplikasyon ki genyen enfòmasyon sa yo, ekzanp: kantite kòb, deskripsyon, projè a, bidjè, afimasyon ke kongregasyon an ap mache kòb yo mande a dapre rapò kongregasyon an, avèk yon lèt sipò direktè distri a.

Sipèvizyon: 2 lidè ki nan kongregasyon ki resevwa don an dwe sinye yon rapò nan fen projè a, ki genyen rapò finans, evalyasyon projè a, avèk lòt enfòmasyon ki site nan aplikasyon an. Si yon kongregasyon pa bay rapò yo mande a li pap ka resevwa lòt lajan nan lavni. Si lajan an pa depanse jan li te dwe depanse a komite a kapab mande pou yo remèt lajan an.

Direksyon: 1) Lajan sa la pou projè kote manm legliz yo aktif. Lajan an pa dwe pase nan kongregasyon an epi pou ale nan yon òganizasyon kongregasyon an sipòte.

2) Nou bay priyorite ak demand ki konekte ak legasi sant sèvis la nan yon fason, ki genyen bagay sa yo, sèvis, kè poze, epi ak bezwen moun. Nap resevwa nouvo ide tou.

3) lajan sa a pa la pou peye salè pou travayè men yon pati ladanl kapab peye moun kap travay nan pwogram nan.

Ekzanp: Lajan an kapab sipòte projè sa yo (san li pa limite ak sa yo Sèlman)

- 1) Program pou refije

- 2) Program manje, nouriti pou moun kin an bezwen, plas kote moun domi ki genyen manm kongregasyon an kap dirijel.
- 3) Edikasyon ak antrènman, espesyalman ki genyen kè poze, jistis, sèvis ak povwete.
- 4) Program kominote: piknik, projè lokal, ak konsè, etc
- 5) Program manje kwit kongregasyon an òganize pou kominote a

Fon an pap sipòte bagay sa yo

- 1) Pou peye salè eksepte yon ti pòsyon ladanl ki kapab dedye pou yon lòt gwo projè.
- 2) Bezwen pèsònèl yon moun oubyen yon fanmi (medikal, bill)
- 3) Program ki pa pou kongregasyon an oubyen ki pa genyen manm kongregasyon an ladanl.
- 4) Program ke legliz frè yo déjà sipòte (projè jaden ke global food initiative déjà sipòte
- 5) Misyonè ak volonte kap sèvi ak lòt òganizasyon ki dwe chache pwòp fon pa yo (dapre dokiman Mission and Ministry board te adopte nan Mas 2017).



Aplikasyon pou Fon Fwa Frè yo Annaksyon
Mission & Ministry Board of the Church of the Brethren

Dat aplikasyon an: _____

Non kongregasyon/Estasyon, oubyen projè a:

Adrès: _____

Distri: _____

Non moun yo ki ranpli aplikasyon sa a: _____

Email: _____

Telefòn: _____

Debousman lajan

Aplikasyon an ka resevwa nenpòt lè. Lajan an ap bay chak mwa pou aplikasyon ki apwove.

Aplikasyon pou don

Aplikasyon don nan Fwa Frè yo Annaksyon mande prèv de yon vizyon byen panse pou projè ministè ou a. souple bay enfòmasyon an detay jan yo mandel nan tèt paj la. Wap jwenn direksyon pou fon : www.brethren.org/faith-in-action

Deskripsyon projè

- 1) Dekri poje a an detay avèk dat ladanl.
- 2) Koman projè sa a ap promote rèv Fon Fwa Frè yo Annaksyon yo, pou bay? yon sèvis ki sèvi kominote kote kongregasyon an ye a, pou bay kongregasyon an fòs, epi pou grandi rèv Bondie?
- 3) Kòman projè sa a fè amoni avèk rès program legliz la?
- 4) Ki etap ou pral pran pou akonpli projè a?
- 5) Kòman kongregasyon an ap sipòte projè a nan patisipasyon, priyè, lajan, ak latriye?
- 6) Kisa kap detèmine ke projè a akonpli rèv li?

Lajan projè

- 7) Ki estimasyon depans pou projè sa a? souple atache yon bidjè an detay.
- 8) Fè yon lis de lòt sipò pou projè a (ekzanp distri, kominote lokal, bidjè kongregasyon an, chache fon lokal).
- 9) Konbyen kòb ou mande epi kilè wap bezwenl?
- 10) Sonje ke kongregasyon ou a responsab pou ½ nan bidjè pou projè a. kòman kongregasyon an ap kolekte fon pou finansye pati li reponsab la?
- 11) Kòman kongregasyon an ap pran responsabilite pou finans nan lavni pou projè sa a, si ministè a ap kontinye.

Enfòmasyon kongregasyon

- 12) Konbyen moun ki asiste nan sèvis adorasyon?
- 13) Ki bidjè anyèl kongregasyon an? Epi idantifye pòsyon ki pou sèvis deyò legliz la.
- 14) Eske ou te fè distri ou a konnen projè a?
- 15) Kòman kongregasyon an sipòte distri a ak ministè Legliz Frè yo.

Lòt kòmantè

Nap kontakte direktè distri ou a pou afime aplikasyon projè ou a.

Pou voye aplikasyon an:

Upload aplikasyon sipò ou te ranpli ak bidjè a sou sit wèb la:

www.brethren.org/faith-in-action

Oubyen email aplikasyon an ak lòt materyèl nan: BFIAund@brethren.org

Oubyen mail: Brethren Faith in Action Fund c/o General Secretary's office,
1451 Dundee Ave, Elgin , IL 60120